

PANGARUH MANDIRI DIAJAR JEUNG MANAJEMÉN WAKTOS KANA HASIL DIAJAR MURID

*(Survey dina Mata Pelajaran Ekonomi Kelas X IPS Semester Genap Taun Ajaran
2021-2022 di SMA Pasundan 3 Bandung)*

**Rini Rosita
175020087
RINGKESAN**

Panalungtikan ieu téh mibanda tujuan pikeun mikanyaho: (i) pedaran ngeunaan mandiri diajar, manajemén waktos, sareng hasil diajar murid dina mata pelajaran ékonomi kelas X IPS di SMA Pasundan 3 Bandung, (ii) pangaruh mandiri diajar kana hasil diajar murid dina mata pelajaran ékonomi kelas X IPS di SMA Pasundan 3 Bandung, (iii) pangaruh manajemén waktos kana hasil diajar murid dina mata pelajaran ékonomi kelas X IPS di SMA Pasundan 3 Bandung, sareng (iv) pangaruh mandiri diajar sareng manajemén waktos kana hasil diajar murid dina mata pelajaran ékonomi di kelas X IPS di SMA Pasundan 3 Bandung. Méthode panalungtikan anu digunakeun nyaéta metode survei kalayan pendekatan kuantitatif sareng téhnik ngumpulkeun data mangrupa angket sareng soal tés. Hasil panalungtikan ieu nunjukkeun: (i) mandiri diajar murid dikategorikeun saé kalayan skor 3,93, manajemén waktos murid dikategorikeun saé kalayan skor 3,92, sareng hasil diajar murid dikatégorikeun cepak kalayan skor rata-rata 81,6 dina mata pelajaran ékonomi matéri konsép ilmu ékonomi di kelas X IPS di SMA Pasundan 3 Bandung, (ii) aya pangaruh mandiri diajar kana hasil diajar murid nyaéta 44,1%, (iii) aya pangaruh manajemén waktos kana hasil diajar murid nyaéta 31,3%, (iv) aya pangaruh mandiri diajar sareng manajemén waktos kana hasil diajar murid nyaéta 75,4%. Panulis nepikeun saran pikeun: (i) murid, dipiharep tiasa ngabiasakeun diajar mandiri sareng ngatur waktos kalayan saé, (ii) guru, dipiharep nyiptakeun kagiatan diajar anu aktip sareng mikeun pamahaman manajemén waktos, (iii) sakola, dipiharep tiasa ngontrol sareng merhatoskeun kana kamajuan prosés diajar, (iii) panaliti satuluyna, dipiharep tiasa dijantenkeun rujukan minangka salah sahiji asal rujukan pikeun panilitian anu sami kalawan marios deui langkung jero.

Kecap Konci: mandiri diajar, manajemén waktos, hasil diajar murid.